

Depistaj pou kansè nan kolon ak tè Cologuard® la

Tès Cologuard la **kouvri** nan Medicare ak nan pifò gwo konpayi asirans yo.

\$0

Pifò pasyan ki gen asirans peye \$0 pou tè Cologuard la^{1*}

96%

Nan tout peyi a, plis ke **96%** pasyan Cologuard yo pa gen okenn frè ki sot nan pòch yo pou depistaj^{1*}



Aprann plis sou Cologuard.com/insurance oswa rele nan **1-844-870-8870**.
Nou ka ede w poze konpayi asirans ou a bon kesyon yo.

Pifò konpayi asirans yo **kouvri yon kolonoskopi swivi** apre yon depistaj pozitif Cologuard.^{2,3†}




Tès Cologuard la **fasil** pou itilize nan kay

Wap jwenn tout enstriksyon detaye yo nan bwat Cologuard la

Kijan pou itilize videyo:
Cologuard.com/itilizasyon

1


CHITA



- Sèvi ak tè Cologuard la lè w pare.
- Mete resipyan echantiyon blan w lan sou twalèt la.
- Chita sou twalèt la.

2


GRATE



- Mete poupou a nan veso blan ki kenbe echantiyon an.
- Pase baton an sou poupou ou a pou w ka pran enpe epi mete l nan tib ki nan kit la.

3


TRANPE & SELE



- Ranpli resipyan echantiyon an avèk sibstans konsèvasyon likid la.
- Fèmen gwo resipyan an ki gen echantiyon an anndan an.

4

METE ETIKET & EKSPEDYE



- Ranpli toulède etikèt yo.
- Retounen twous sa a bay Exact Sciences pa mwayen UPS®.



Retounen echantiyon w lan gratis


1. Pran yon randevou pou UPS pase pran l nan Cologuard.com/UPS oswa rele nan **1-844-870-8870**
2. Pote kit ou a nan UPS. Jwenn magazen lokal yo ak lè livrezon yo sou Cologuard.com/UPS

*Estimasyon resan Exact Sciences yo baze sou istorik bòdwo pasyan yo.

†Pou pifò pasyan yo, sa ap antre anviyè 1ye janvye 2023, epi li pa aplike pou plan komèsyal ki gen estati egzante.^{2,3}

Rezilta tè^s Cologuard ou a

Founisè swen sante w la ta dwe gen rezilta ou yo disponib nan apeprè 8-10 jou apre Exact Sciences resevwa echantiyon ou an.



Tès Cologuard la ap chèche ADN ak san ki chanje (siy kansè) nan poupou w.⁴



Yon rezilta negatif vle di tè^s Cologuard la pa jwenn okenn siy kansè posib. Ou gen plis chans pa gen kansè kolorektal.⁴



Yon rezilta pozitif vle di tè^s Cologuard la te jwenn posib siy kansè. Yon rezilta pozitif pa vle di ou genyen kansè.⁴ Pran yon randevou swivi ak founisè swen sante w.

Gen moun ki jwenn rezilta pozitif ak negatif ki fo (ki pa kòrèk).

Toujou poze founisè swen sante w la kesyon sou pwochen etap depistaj la.⁴

Jwenn plis enfòmasyon ak videyo nan:
Cologuard.com/UnderstandingResults

Endikasyon ak Enfòmasyon Enpòtan sou Risk

Objektif tè^s Cologuard la se pou fè depistaj kay granmoun ki gen 45 lane oswa plis ki gen risk mwayen pou kansè kolorektal nan detekte sèten makè ADN ak san nan poupou. Pa itilize li si ou te gen adenòm, si ou gen maladi anflamatwa entesten ak sèten sendwòm ereditè, oswa yon istwa pèsònèl oubyen istwa nan fanmi pou kansè kolorektal. Yon tè^s Cologuard pa yon ranplasman kolonoskopi kay pasyan ki gen gwo risk yo. Estimasyon pèfòmans tè^s Cologuard la kay granmoun ki gen laj 45-49 lane baze sou yon gwo etid klinik kay pasyan ki gen laj 50 lane oswa plis.

Rezilta tè^s Cologuard la dwe entèprete avèk prekosyon. Yon rezilta tè^s pozitif pa konfime prezans kansè. Yo dwe refere pasyan ki gen yon rezilta tè^s pozitif pou yo fè kolonoskopi. Yon rezilta tè^s negatif pa konfime absans kansè. Pasyan ki gen yon rezilta tè^s negatif dwe pale avèk doktè yo pou konnen kilè yo dwe fè tè^s ankò. Rezilta fo pozitif ak fo negatif ka rive. Nan yon etid klinik, 13% moun ki pa gen kansè te resevwa yon rezilta pozitif (fo pozitif) epi 8% moun ki gen kansè te resevwa yon rezilta negatif (fo negatif). Rx only

Referans yo: 1. Internal Data on File. Exact Sciences. 2. FAQs about Affordable Care Act Implementation Part 51, Families First Coronavirus Response Act and Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security Act Implementation. US Department of Health & Human Services. Published January 10, 2022. Accessed May 22, 2025. <https://www.hhs.gov/guidance/document/faqs-about-affordable-care-act-implementation-part-51>. 3. CMS. Calendar year (CY) 2023 Medicare physician fee schedule final rule. Published November 1, 2022. Accessed May 22, 2025. <https://www.cms.gov/newsroom/fact-sheets/calendar-year-cy-2023-medicare-physicianfee-schedule-final-rule>. 4. Exact Sciences. 2024. Cologuard Patient Brochure.